

Pou Piblikasyon Imedya: 24/01/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON PWOPOZISYON NAN BIDJÈ EKZEKITIF ANE FISKAL 2020 AN POU PRAN MEZI ESTRİK KONT VÒL SALÈ

Li ogmante sanksyon penal yo pou patwon ki fè ekspre komèt vyolasyon vòl salè

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse nan kad Bidjè Egzekitif li an pou ane fiskal 2020 an yon nouvo pwopozisyon pou pran mezi estrik kont vòl salè. Pwopozisyon Gouvènè a t ap ogmante sanksyon kriminel yo pou patwon travay ki volontèman oswa entansyonèlman komèt vyolasyon vòl salè pou aliye de pi prè ak lòt fòm vòl yo.

“New York ap toujou kanpe avèk travayè yo epi nou gen zewo tolerans pou patwon malonèt k ap eseye vòlè salè anplwaye yo travay di pou fè yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Eta a deja rebran plizyè milyon dola pou travayè yo te twonpe yo, epi pwopozisyon sa a pral ede ranfòse efò nou yo pou fè tout patwon k ap eseye kenbe salè yo jan ki pa kòm sadwa, sibi konsekans yo.”

Kounye a, se sèlman patwon ki komèt vòl salè plizyè fwa yo kapab pouswiv pou deli grav, epi pouswit sa yo limite anpil. Lejislasyon sa a pral amande Lwa sou Travay la (Labor Law) pou prevwa sanksyon penal kont patwon ki fè ekspre vòlè salè, avèk sanksyon penal ki sòti nan ti deli Klas B pou vòl salè ki pi piti pase 1,000 dola rive nan Deli Grav Klas B pou vòl salè ki pi gran pase 50,000 dola.

Pwopozisyon sa a pral amelyore kapasite Depatman Travay (Department of Labor, DOL) Eta New York la pou li bay referans pou pouswit penal kòm Pwokirè Distrik epi Pwokirè Jeneral la kounye a ap gen krim klè pou li pouswiv. Depatman Travay la pral kontinye avèk operasyon aplikasyon Lwa sou Travay k ap fèt deja yo, men gras a ogmantasyon sanksyon penal yo Pwokirè Distrik yo ap gen plis chans pouswiv vòl salè kòm yon krim, epi yo gen dwa kòmanse pote kòz pa yo devan tribinal, epi konsa laji resous yo ki disponib pou lite kont vòl salè toupatou nan eta a. Anplis de sa, ogmantasyon sanksyon penal yo gen dwa vin dekouraje patwon yo epi redui ka vòl salè yo nan lavni.

Komisè Travay Eta New York la Roberta Reardon te deklare, “Depatman Travay Eta New York la pran angajman pwoteje travayè yo epi gras a lidèchip Gouvènè Cuomo, talè n ap kapab pran mezi san presedan pou garanti travayè yo vòlè salè yo jwenn sa yo dwe yo a. Lejislasyon sa a ap ede bati repitasyon New York kòm yon lidè nasyonal nan lit la kont vòl salè”.

New York wè yon kokennchenn ogmantasyon nan kantite lajan yo remèt travayè patwon yo te twonpe. An 2018, Depatman Travay Eta New York la te rekòlte prèske 35 milyon dola epi li te remèt lajan sa a bay apeprè 35,000 travayè ki te viktim vòl salè ak

vyolasyon travay piblik. Depi 2011, DOL rebran plis pase 280 milyon dola salè ki te vòlè epi li remèt yo bay 250,000 travayè ki te viktim vòl salè ak vyolasyon travay piblik.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)